InfoVIHtal
INFORMACIÓN BÁSICA SOBRE EL VIH
176
ATOUME 2021 WOLOF

# GARRABE B INGA MEUNA DIEULE BO YAKARÉ MEUNA AME DIANGORO VIH

Garrabe b inga meuna dieule (PrEP) bo yakaré meuna ame diangoro VIH dioume touwaye bou khamné la, daffe laye dimbeulé nga meuna mouslou ame diangoro dj bo naneé garrabe gui boye wadja séye ak kénéne. Gni ngui koye digueule nite gni nga khamné séne yarame daffa néwe dolé pour khékhe diangor VIH, di chi yok, bo topé ninou la ndigueulé si sa keur doctor, meune nala mousseule si diangoro dji.



## 01 LANE MOYE PrEP?

PrEP dioume touwaye bo khamné la si mbiroume wérgou yarame pour are nite gni amoule diangoro VIH pour mousseuléne si diangoro dji bounouye séye ak kénéne. Garrabe gui gni ngui ko déffaré niarry garrabes youye khékhe diangoro dji you toudou Tenofovir disoproxilo fumarato ak Emtricitabina-younou bolé si béne domou garrabe.

PrEP dioume touwaye bou bakhe la boudé yangui topeu ndigueule yi bou bakhe. Topeu ndigueule yi moye, di ko dieule si ninou la ko ndigueulé, wakhtou bi téke chi bagna teupe dieuline bi. Topeu ndigueulé bi lou mou guena bakhe, garrabe gui dieurigneume gueune wore. Tenofovir disoproxilo fumarato ak Emtricitabina, si lichi eupe garrabe yo khamné lanou amougnou diaffé diaffé you beurri younou ko meuna boléle si dire bou gatte wala bou yéme.

Pour ameu kirangué bou wére ak PrEP, gni ngui digueulé nga bolé ko ak yénénes takhawayes youye khékhe diangoro dji, you mélni di dieufeundiko kawassou awra boye séye. Boko dieufeundiko woule wala dokoye dieufeudiko mouk, waroule takhe nga lache PrEP boko sokhla. Wanté nanga khame boubakhe que PrEP dina la mousseule léke si diangoro VIH, wanté kawassou awra pour séye dina la mousseule si bépou khétou diangoroye séye (ITS).

## 02 KANE LANOUYE DIGUEULE PACHEMI?

PrEP djoumetouwaye waye pour mouche si diangoro la pour nites gnieupeu. Gni ngui koye digueule mouskalafes yi ak wakambané yi nga khamné meune nanou léne waleu diangor VIH. Lolou mo takhe dioumetouwaye bo khamné danou koye digueule bépeu nites bou amoule diangoro VIH té ame ayes ates bou meute 16 ayes wala lou ko eupeu, ware nga yoré méline bi :

**1)** Ngor djiguéne, kouye séye ak gor ak djiguéne, gor bouye séye ak gor rék (GBHSH) wala nite kou beunga sopi awrame, bou touté ba touti, ware nga yoré niarre si ponk yi:

- Boudé eupena 10 nites gnoyes meuna séyale si ate bou moudje bi
- Boudé si ate bou moudje bi, séye nga chi si guinaw keur té dieufeundiko wo kawassou awra
- Boudé dieufeundiko nga drogue si boye séye (bolé chi Chemsex) té dieufeundiko wo kawassou awra si ate bou moudje bi
- Boudé dieufeundiko nga garrabe bou laye are si diangoro VIH sa bo séyé ba paré si yonne you beurri si ate bou moudje bi
- Boudé thiaytounanou la diangorye séye ITS si ate mou moudje bi

**2)** Djiguéne yiyes liguéye ak séne awra di thiagatou, té dounouye dieufeundiko kawassou awra lou beurride forma habitual.

grupo de trabajo sobre tratamientos del VIH
ENTIDAD DECLARADA DE UTILIDAD PÚBLICA
ONG DE DESARROLLO
SUBVENCIONA
GOBIERNO DE ESPAÑA MINISTERIO DE DERECHOS SOCIALES Y AGENDA 2030
GOBIERNO DE ESPAÑA MINISTERIO DE SANIDAD
POR SOLIDARIDAD OTROS FINES DE INTERÉS SOCIAL
Generalitat de Catalunya Departament de Justícia
Generalitat de Catalunya
Salut/ Agència de Salut Pública de Catalunya
Ajuntament de Barcelona
ÀREA DE QUALITAT DE VIDA, IGUALTAT I ESPORTS
Diputació Barcelona
ÀREA DE BENESTAR SOCIAL
COLABORA
ETIS
Vall d'Hebron Barcelona Campus Hospitalari
eSPiC Equip de salut pública i comunitaria

¿TIENES DUDAS SOBRE EL TEMA? PREGÚNTANOS

Tel. 93 458 26 41
consultas@gtt-vih.org

**¡POR FAVOR FOTOCÓPIALO Y HAZLO CIRCULAR!**

**3)** Djiguéne wala gor boye séye ak koumou bokale awra, nites gniyes dieule drogue bi gnouye niakou si yarame té ayes piquiromes sétougnes, té dounou dieufeundiko kawassou awra sa sou né, té gnou meuna ame niarres si ponques yoyou:

- Boudé eupena 10 nites gnoyes meuna séyale si ate bou moudje bi
- Boudé si ate bou moudje bi, séye nga chi si guinaw keur té dieufeundiko wo kawassou awra
- Boudé dieufeundiko nga drogue si boye séye (bolé chi Chemsex) té dieufeundiko wo kawassou awra si ate bou moudje bi
- Boudé dieufeundiko nga garrabe bou laye are si diangoro VIH sa bo séyé ba paré si yonne you beurri si ate bou moudje bi
- Boudé thiaytounanou la diangorye séye ITS si ate mou moudje bi

## 03 NANE LA MEUNA DOUGUÉ SI BÉNE PROGRAMOU PrEP?

PrEP domou garrabe boye dieule la pour meuna mouche si diangoro la, meune nga ko amé si béne pharmacie di ko dieule pour sa bopou. PrEP dafa bokou si programe mou meute pour mouche si diangoro VIH ak wérgou yarame mou séye si bir dioumtouwayou réwmi si mbiroume wérgou yarame té mouche si si mbiroume kopare pour ki ko sokhla.

Diapeunanou né PrEP, meuna ame sola pour yawe, yoke si meune ko diote. Lingaye djeukeu déffe, war nga dougou si béne programou PrEP si béne keurou wérgou yarame (centrou ITS wala founouye saye to VIH si hopitale) wala keurou wérgou yarame bougnou ragné. Amna sola tamite khamné warnga yoré sa carte wérgu yarame si yonou séye ITS.

Nites gni koye lache pour amko, dina gnou léne thiaytoule séne wérgou yarame pour khame nou gnou togué, khamite ndakhe garrabe yi dou léne déf lénéne bou nou ko nané. Boudé ki ko sokhla gui sou nou si mome dará louye diafé diafé, meuna dieule rendez vous si niaty wéres yi gnouye laye thiaytou si lou dieume si diangoro VIH ak ITS ak yénéni thiaytous pour khame boudé ya ngui dieule garrabe gui dou la yoke dioté, bounou paré dadi laye diokhe sa garrabe.

Si diroupe topou gui, dina gnou la bakhé ayes dingueules pour meuna khame ndakhe dinga dieule garrabe gui ni mou waré, tope séni ndigueules pour mouche si wérgou yaramou séye ak meuna yabale ki koye dieufeundiko si yénénous keuris wérgou yarame wala lo chi kétou boudé guiss nanou ayes diafés diafé si sa wérgou yarame wala si doundine.

¿TIENES DUDAS
SOBRE EL TEMA?
PREGÚNTANOS

**Tel. 93 458 26 41**
**consultas@gtt-vih.org**

**¡POR FAVOR FOTOCÓPIALO Y HAZLO CIRCULAR!**

Si yonou internet bi, meune nga ché guisse ayes keures fi si réwou Espagne you ame ayes programous PrEP: https://siprep.es/centros.prep.

## 04 NANE LAGNE KOYE NANÉ?

PrEP dioumtouwaye bou nékha dieufeundiko la, meune nga ko bolé ak sa doundou séye bou bakhe. Ames niarry yones pour dieule ko: Yone bo khamné bésse-bou nék dingue dieule-béne domou garrabe ak-béne yone bo khamné dinga koye dieule sa bo waré séye ak khénéne-.

Yonou dieule PrEP si nimou la sobé, kilifeu yi séne khame khame mache si yonou wérgou yarame nango gounou ko. Wanté lo lou takhoule, si ayes gueustous younou déffé si ayes keurou fadjou, guiss nanou né meuna bakhe, lo lou mbotayou wérgou yarame bou adouna bi OMS ak mbotayou réwe yi leugo si mbiroume Sida IAS deugeule nanou ko. Yone bobou pour dieule garrabe, gni ngui koye dinglé pour mouche si VIH gor ng inga khamné danouye séye ak bénéne gor GBHSH.

PrEP bi gnouye lache, dafa sokhla nga koye soralé bala ngaye séye di chi bolé organisé bou bakhe pour meunea dieule garrabe yi ni gnou la ko wakhé, lo lou wara woné né dinga dieule doses yeupes si ninou la ko wakhé ak ninou wara topaneté.

Nane nga waré dieule garrabe bi ni mou la sobé ak niatape dire nga koye dieule lo lou di PrEP, ayes decisions yo khamné la yowe miye ndayou mbilgui ak sa doctor souke ndikou si sayes diares diares ak yengueutou si mbiroume séye ak risk yi nga meuna ames si ames diangoro VIH ak si sa wérgou yarame fi mou tolou.

## 05 NANE LA NOUYE NANÉ PrEP BÉSSE BOU NÉ?

Dina PrEP bésse bou né, dina firndéle né war nga yoré domou ayes garrabes you doye you la meuna mouthieule si VIH si 24 wakhtous si bésse bou nék si 7 fanes yi chi semaine bi. Lo lou di woné né, diaroule ngaye watou dieuloume PrEP bi sa bo waré dougou si mbiroume séyes ak khénéne.

- Boudé ya ngui si sa dieulbénou nane PrEP, bala nga séye, sokhla nga dina nane 1 domou garrabe si bésse bou nék si dirou diourome niarry fanes pour nga meuna garrabe you doye si sa yarame you la meuna moussale si diangoroye VIH. Bo chi diogué, nanga continuer di nane 1 domou garrabe bésse bou né.
- Meune nga ko bolé bodé gor bouye séye ak béne gor GBHSH, meuna nga dieule 2 domous garrabes bi di béne dieule si dirou 24 ba chi 2 wakhtous bala nga dire séye bi, topeu chi, di nane bésse bou nék 1 domou garrabe 24 wakhtous bou nék.

06

## NANE LAGNOUYE NANÉ GARRABOU PrEP BI GNOUYE LACHE?

Nane garrabou PrEP bi gnouye lache, dina sokhla nga bayi si khéle, bolé chi di topeu diglé yi ndakhe meuna guiss dieurinieume bou bakhe si watou diangorodji:

### MEUNA SÉYE AK KILA SOPE SI DIROUPE 24H BI NGA DIEULÉ DOSE BOU DJEUK BI

- Warnga dieule 2 domous garrabes yi béne yone si dirou 24 ba si 2 wakhtou bala nga dire séye bi. Boule faté né niarry wakhtou bala nga séye ware nga dieule garrabe gui, boudé dire bire eupe na ko, moye li gueune bou bakhe.
- Bou dialé, meun nga dieule 1 domou garrabe si bou défé 24 heures ak béne 1 domou garrabe bi bou défé 48 heures si bi nga dieulé dose bou dieuk bi ak niarry domou garrabes bi. Domou garrabe bi, meune nga ko dieule si diroupe niarry wakhtou bala nga séye wala niarry wakhtou bo séyé ba paré.

### SÉYE AK NITES NAME BI NGA DIEULÉ SI DIROUU 24 HEURES DOSE BOU DIEUKEU BI

- Dagno wara nane 2 domous garrabe si béne yone si dirou 24 wala 2 heures bala nga dire séye ak nites. Fatalikoul né temps bi nga ko wara dieule warale soiufé niarry wakhtous bala nga dire séye bi, bou ko meuné eupe mo gueune bou bakhe.
- Bou dialé, meune nga dieule 1 domou garrabe 24 heures bou néke sassoye wadiale pour mbiroume séye ak kénéne. Domou garrabe bi meune nga ko dieule niarry wakhtou bala nga séye wala niarry wakhtou bo séyé ba paré.
- Sa bo démé ba khamné dangaye bayi mbiroume séye ak kénéne, meune nga nane niarry doses bou diékhtale si dirou 24 heures (1 domou garrabe + yoke si béne domou garrabe), li mouye firndéle moye ndanga wara dieure 1 domou garrabe ba si niarry fanes si dirou b inga moudjé séye ak kénéne.







**Fuentes:** Fi mou Diogué: Groupe biye liguéye si mbiroume PrEP. Plan National si mbiroume Sida. Ministérou Wérgou Yarame. Térré bi gnou khatime si mbiroume Programou Wantou, ak boudé danou lamaneu wala VIH fi si Espagne. Fevrier 2020

Minitére biye Saytou mbiroume wérgou yarame, amna abe déggo si birou mbotaye bi lingueulé yiye liguéye si walou bobou si li dieume si dieugou garrabe yi. Dadjé bobou di bou 217 mi ngui amé si 28 octobre si 2021.

**Bayi khéle:** Khibar yi gnou khatime si keyite bi, djoublou wougnou chi sopi khibar yi meuna diogué si gni séne khame khame mache si wérgou yarame. Bépeu décision bou dieume si sa wérgou yarame, nanga si wakhtane sa souné ak gni séne khame khame mache si wérgou yarame.

¿TIENES DUDAS SOBRE EL TEMA? PREGÚNTANOS
**Tel. 93 458 26 41**
**consultas@gtt-vih.org**

**¡POR FAVOR FOTOCÓPIALO Y HAZLO CIRCULAR!**